



**Consumer
Affairs**

Kesyon Moun Poze Souvan: *Aplikasyon pou Lisdatant Vandè Jeneral*

Nan dat 2 septanm 2016, Depatman Afè Konsomatè (Department of Consumer Affairs, DCA) te pibliye yon avi sou mizanplas yon nouvo lisdatant pou lisans pou Vandè Jeneral nan *The City Record*. Fèy sa a gen ladan Kesyon Moun Poze Souvan sou Aplikasyon pou Lisdatant Vandè Jeneral.

Kimoun ki kapab aplike pou yo mete non li sou lisdatant pou li aplike pou yon lisans Vandè Jeneral?

Nenpòt moun kapab aplike pou yo mete non yo sou lisdatant lan.

Enpòtan: **Ou kapab aplike pou yo mete non ou sou lisdatant lan. Ou pa kapab:**

- Aplike pou yo transfere pozisyon ou nan lisdatant lan ba yon lòt moun.
- Mande yon moun pou aplike pou yo transfere yon pozisyon sou lisdatant lan pou ou.

Èske mwen kapab prezante plis pase yon aplikasyon pou yo mete non mwen sou lisdatant lan?

Non. Ou kapab aplike yon sèl fwa pou yo mete non ou sou lisdatant lan.

Kisa kondisyon Aplikasyon pou Lisdatant lan ye?

Ou dwe ranpli yon Fòm Aplikasyon pou Lisdatant Vandè Jeneral rezante yon kopi idantifikasyon (ID) ki valab ki montre dat ou fèt avek foto ou. Men kèk nan fòm ID nou ap/n'ap aksepte:

- Lisans chofè oswa pyès idantifikasyon ki pa lisans chofè yo bay nan Depatman Veyikil-a-Motè Depatman-Deta
- Paspò
- Kat idantite etranje/grinkat
- Kat ID Minisipal

Nòt: Si ou pa genyen ankenn nan fòm pyès idantite ak foto akseptab yo, ou ka toujou aplike pou yo mete ou nan lisdatant lan. N'ap fè ou konnen foto idantite se yon kondisyon pou aplike pou lisans Vandè Jeneral la. DC mande w pou gen yon foto idantite san pèdi tan pou ka pare pou aplike pou lisans lan lè DCA rive nan nimewo ou an sou lisdatant lan. Ou pa kapab aplike pou yon lisans Vandè Jeneral san foto idantite w.

Ki kote mwen kapab jwenn Fòm Aplikasyon pou Lisdatant Vandè Jeneral?

Ou kapab jwenn Fòm Aplikasyon pou Lisdatant Vandè Jeneral nan fason ki endike nan lis anba/sa:

- Ale sou sitwèb nyc.gov/dca
NÒT: DCA ap mete Fòm Aplikasyon 17 oktòb 2016.
- Rele 311 epi mande pou Sèvis "Lisdatant Vandè Jeneral - Aplike."
- Ale nan adrès:
 - DCA's Licensing Center nan 42 Broadway, Lòbi, nan Manhattan. Orè fonksyònman an se 9:00 a.m. jiska 5:00 p.m. soti lendi rive vandredi, epi ant 8:30 a.m. ak 5:00 p.m. jou mèkredi.

OSWA

- NYC Small Business Support Center nan 90-27 Sutphin Blvd, 4th Floor, nan Jamaica, Queens. Orè fonksyònman an se 9:00 a.m. jiska 5:00 p.m. soti lendi rive vandredi.

Kilè mwen kapab prezante Fòm Aplikasyon pou Lisdatant Vandè Jeneral?

Ou kapab prezante Fòm Aplikasyon ranpli ou ak kopi foto idantifikasyon ou pandan peryòd aplikasyon an sèlman. Peryòd aplikasyon an kòmanse 17 oktòb 2016 epi l ap fini a 5:00 p.m. nan dat 15 novanm 2016. **DCA pap kapab aksepte aplikasyon ou prezante apre peryòd sa a.**

Kijan mwen kapab prezante Fòm Aplikasyon pou Lisdatant Vandè Jeneral?

Ou kapab prezante Fòm Aplikasyon ranpli ou an ak kopi foto idantite ou nan YOUN nan fason sa yo:

- Poukont ou apati 17 oktòb 2016 jiska 5:00 p.m. nan dat 15 novanm 2016 nan:

DCA Licensing Center
42 Broadway, Lobby
New York, NY 10004

Orè fonksyònman an se 9:00 a.m. jiska 5:00 p.m. soti lendi rive vandredi, epi ant 8:30 a.m. ak 5:00 p.m. jou mèkredi.

OSWA

NYC Small Business Support Center
90-27 Sutphin Boulevard, 4th Floor
Jamaica, NY 11435

Orè fonksyònman an se 9:00 a.m. jiska 5:00 p.m. soti lendi rive vandredi.

- Sou entènèt sou sitwèb DCA nan nyc.gov/dca apati 17 oktòb 2016 jiska 5:00 p.m. nan dat 15 novanm 2016
- Nan sèvis regilye lapòs ba DCA Licensing Center nan adrès ki endike anwo a. **NÒT:** Anvlòp ki gen aplikasyon ou dwe tenbre anvan dat 15 novanm 2016.

Enpòtan: DCA dwe resevwa aplikasyon ranpli ou an anvan 5:00 p.m. nan dat 15 novanm 2016.

Kisa pou mwen fè si adrès kontak mwen chanje apre mwen ranpli aplikasyon mwen pou yo mete non mwen sou lisdatant lan?

Ou dwe ekri DCA fè yo konnen nenpòt chanjman ki fè nan adrès kontak ou oswa nenpot ki risk kap fè ou pèdi opòtinite pou aplike pou yon lisans Vandè Jeneral. Ranpli Fòm Chanjman Adrès la ki disponib sou sitwèb nyc.gov/dca, epi prezante li bay DCA poukont ou, sou entènèt, oswa nan sèvis regilye lapòs pa DCA Licensing Center. Gade adrès ki anwo a.

Kijan DCA pral detèmine pozisyon mwen sou Lisdatant Vandè Jeneral?

Lè peryòd aplikasyon an fèmen, DCA ap bay yon nimewo priyorite pou chak aplikasyon yo aksepte (sètadi, pozisyon) dapre yon pwogram chwa nimewo owaza yon òdinatè kreye. DCA ap ekri ou pouf fè ou konnen nimewo lisdatant ou an

Kijan m'ap/mwen ap fè konnen si mwen kalifye pou aplike pou yon lisans Vandè Jeneral?

DCA ap ekri ou pou fè ou konnen si yo detèmine ke ou kalifye pou aplike pou lisans Vandè Jeneral dapre pozisyon ou sou lisdatant lan. DCA ap voye yon avi ba ou avèk enstwiksyon yo nan dènye adrès kontak ou bay la.

Kijan mwen bezwen fè si yo ofri mwen pou aplike pou yon lisans Vandè Jeneral?

DCA ap voye youn avi pa lapòs nan dènye adrès ou te bay pou kontakte ou an ki ap gen enstwiksyon sou fason pou aplike. **Ou dwe prezante aplikasyon pou lisans Vandè Jeneral ranpli ou, ansanm avèk frè obligatwa yo, anvan 60 jou apre dat ou resevwa òfè DCA.** Kondisyon pou lisans Vandè Jeneral yo sou sitwèb nyc.gov/dca.

Enpòtan: Òfè DCA ap anile si ou pa respekte tout kondisyon pou lisans lan anvan 60 jou apre dat òfè DCA.

Si mwen pa resevwa yon òfè pou aplike pou yon lisans Vandè Jeneral, èske pral gen youn lot opòtinite pidevan pou mwen aplike pou youn?

Dapre lalwa, Minisipalite Vil la kapab gen youn nouvo lisans Vandè Jeneral lè kantite Vandè Jeneral ki gen lisans yo pipiti pase 853. Lè DCA detèmine lisans Vandè Jeneral yo disponib, DCA ap voye yon avi ba moun yo detèmine ki kalifye pou aplike pou lisans lan dapre pozisyon yo sou lisdatant lan.

Kisa pou mwen fè si mwen gen lòt kesyon?

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb nyc.gov/dca oswa rele 311 epi mande pou pale avèk yon reprezantan DCA konsènan Lisans Vandè Jeneral.